



Charlie Crist
Governor

Ana Viamonte Ros, M.D., M.P.H.
State Surgeon General

Dokiman sa a fèt pou distribye imedyatman
May 2008

Kontakte: Susan Smith
850-245-4111

****FÈY ENFÒMASYON SOU SIKLÒN TWOPIKA/SIKLÒN****

KISA POU FÈ SI PWI W LA INONDE

AJOUTE ENFÒMASYON SOU KONTE A – Gwo lapli ki vin ak sou Siklòn Twopikal/Siklòn ka fè dlo w la pa potab. Si w pa fin twò si sou enpak inondasyon an genyen sou dlo pwi w la, ou fèt pou swa sèvi ak dlo nan boutèy oswa bouyi dlo a oswa toujou dezenfekte tout dlo wap sèvi pou bwè, pou fè ji, pou kwit manje, pou bwose dan w, pou lave vesèl, pou lave kote nan kò w ki gen blesi oswa ki koupe.

Ou ka sèvi ak pwodwi ki fèt abazde klowòks ki sèvi nan kay e ki pa gen sant; pwodwi sa yo ka sèvi ak efikasite kòm dezenfektan klorin. Mete dlo bouyi sou dife pandan yon minit; ajoute 8 gout (apeprè ½ ti kiyè a te) klowòks pou chak galon dlo pou sa dezenfekte l; epi apres a kite l poze pou 30 minit, rekòmanse fè menm bagay la ankò si w wè dlo a twoub toujou.

Si pwi w la inonde, tanpri rele **ADD INFO** pou enfòmasyon sou kouman pou pran echantiyon dlo w a e pou konnen ki kote pou pote echantiyon sa a pou yo sa teste l pou bakteri. Si tès la revele gen bakteri ladan l, wap gen pou dezenfekte pwi a ansanm ak sistèm apwovizyonman dlo a.
AJOUTE NENPÒT ENFÒMASYON SOU KONTE A LA A

Li trè enpòtan pou dezenfekte toude pwi a ansanm ak dlo plonmri avèk klowòks ki sèvi nan kay e ki pa gen sant pou sa asire w ke tout ajan enfektye yo detwi. Si w gen aparèy pou trete dlo, retire tout pyès nan aparèy la, tout katouch, tout filtè, epi ranplase yo apre pwosesis klorinasyon an (lè w fin sèvi ak klowòks la) fini. Kantite klorin lan detèmine kantite tan ou pèmèt klowòks la rete nan sistèm ou.

DOH rekòmande pou swiv etap swivan yo pou sa dezenfekte yon pwi ki kontaminen:

- **Si dlo a chanje koulè** anvan w ajoute klowòks la, kite dlo a koule jiskaske li vin klè pandan 10 minit omaksimòm.
- **Fèmen epi drennen** sistèm chofaj dlo cho w la --- klowòks pa gen efè nan dlo ki gen yon tanperati pi wo pase 105 degre.
- **Retire epi ranplase** filtè chabon bwa yo apre ou fin dezenfekte.
- **Pou evite w ajoute kontaminasyon** nan pwi a pandan wap dezenfekte, netwaye seksyon arebò kouvèti (anlè) pwi a kote wap travay la. Apres a retire tout depo grès ak mineral ki nan pati nan tèt pwi a ou ka aksede a epi debarase sifas ki sou deyò yo ak ½ tas klowòks ki sèvi nan kay e ki pa gen sant nan 5 galon dlo.
- **Fèmen ponp lan.** Retire kouvèti oswa bouchon pwi a sou bouchon an kawoutchou a. Gen plizyè kalite kouvèti oswa bouchon pwi. Si w gen nenpòt kesyon, rantre an kontak ak yon espesyalis ki gen lisans pou drile pwi. Si w gen yon ponp imèje (ki fonksyone anba dlo), li ta bon pou ta kontakte yon espesyalis ki gen lisans pou l drile pwi pou l ba w konsèy sou pwosedi dezenfeksyon yo.



- **Gade tablo sou dezenfeksyon an** epi vide kantite solisyon klowòks yo rekòmande a nan pwi a. Eseye kouvri pati sou kote kouvèti a pandan wap vide solisyon an. Si w vide klowòks sou ponp lan oswa sou fil yo, vide dlo fre sou li konplètman pou l sa soti e pou anpeche kwozyon.

---enfòmasyon anplis---

Pwi ki Inonde/Paj 2

Pwofondè Pwi a an Pye	Dyamèt Pwi a an pous			
	2"	4"	5"	6"
20'	1 tas	1 tas	1 tas	1 tas
30'	1 tas	1 tas	1 tas	2 tas
40'	1 tas	1 tas	2 tas	2 tas
50'	1 tas	2 tas	2 tas	3 tas
80'	1 tas	2 tas	1 ka	1 ka
100'	1 tas	3 tas	1 ka	1.5 ka
150'	2 tas	1 ka	2 ka	2.5 ka
200'	3 tas	1.5 ka	2.5 ka	3 ka

Konvèsyon 8 ons = 1 tas 16 ons = 1 pent = 2 tas
 24 ons – 3 tas 32 ons = 1 ka 48 ons = 1.5 ka
 64 ons – 2 ka 80 ons = 2,5 ka 96 ons = 3 ka

- **Remete kouvèti a oswa remete bouchon an** nan ouvèti pwi a epi tann 30 minit.
- **Limèn e, si nesèsè, prepare ponp lan ankò pou l sa mache.** Louvri tout wobinèt sistèm nan youn apre lòt. Kite dlo a koule jiskaske ou pran odè klowòks la. Li ta bon tou pou flòshe twalèt yo. Si w gen wobinèt ki deyò, li ta bon pou ta dirije dlo a pou l koule nan direksyon opoze plant ki sansib yo. Si w pa pran odè klowòks la, rekòmanse menm pwosesis dezenfeksyon an ankò.
- **Fèmen tout wobinèt yo** epi kite klowòks la rete nan sistèm nan pou omwen wit èdtan.
- **Lave nan sans kontrè adousisè dlo yo,** filtè ak sab yo, filtè deferizasyon yo avèk dlo klowòks.
- **Yon fwa ankò, louvri tout wobinèt yo** epi kite dlo a koule jiskaske pa gen okenn odè klowòks – pandan yon maksimòm 15 minit.

Lè w fin dezenfekte pwi w la, se pou yo teste dlo a pou yo sa verifye si li potab. Byenke klowòks ki sèvi nan kay e ki pa gen sant se yon metòd efikas pou konbat mikwo-òganis, li pap retire kontaminasyon pwodwi chimik ki ta ka rantre nan pwi w la. Kontakte depatman lasante nan konte w la pou enstriksyon sou kouman pou pran echantiyon dlo pou sa bay pou teste.

Pou plis enfòmasyon, tanpri ale sou sit entènèt la nan www.doh.state.fl.us oswa www.FloridaDisaster.org.



Charlie Crist
Governor

Ana Viamonte Ros, M.D., M.P.H.
State Surgeon General

Liy Enfòmasyon Dijans Florida (Florida Emergency Information Line): 1-800-342-3557

Fonksyon pou Sipòte Enfòmasyon Ijan pou Piblik la (Public Information Emergency Support
Function : (850)-921-0384

###